

### BAB III

## MÉTODE PANALUNGTIKAN


### 3.1 Lokasi jeung Subjék Panalungtikan

Lokasi ieu panalungtikan dilaksanakeun di MA Yasyfiy, anu alamatna di jalan Komodor Udara Supadio No.45/72 Tlp. (022) 6037533 Bandung. Dina ieu panalungtikan téh nu jadi subjék panalungtikanana nya éta siswa MA Yasyfiy kelas XII-IPS kalawan jumlah siswa 20 urang, anu ngawengku 11 urang siswa lalaki jeung 9 urang siswa awéwé. Ieu kelas téh mangrupa hiji-hijina kelas XII-IPS, teu aya deui kelas XII jurusan nu séjénna.

### 3.2 Desain Panalungtikan

Desain dihartikeun rarancang. Desain atawa rarancang dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung “*pelaksanaan*” panalungtikan. Desain panalungtikan téh ngawengku léngkah léngkah panalungtikan, métode anu digunakeun, instrumén ngumpulkeun data, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisa data.

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta: 1) idéntifikasi masalah, 2) nangtukeun modél pangajaran, 3) pelaksanaan PTK Siklus I, 4) Analisis Siklus I, 5) Pelaksanaan PTK Siklus II, 6) Analisis Siklus II, 7) kacindekan panalungtikan, jeung 8) nyusun skripsi.



**Gambar 3.1**  
**Desain Panalungtikan**

Saperti nu disebutkeun di luhur, PTK dina ieu panalungtikan dilakukeun dina dua siklus. Analisis data dilakukeun dina unggal siklus, salaku bahan réfléksi pikeun pelaksanaan siklus satuluyna. Tahapan dina nganalisis data diantarana nya éta ngalakukeun réduksi data atawa ngawilah-wilah data saluyu jeung fokus masalah; ngalakukan interprétasi data atawa nafsirkeun data anu geus diwilah-wilah dina wangun pertanyaan; nganalisis data nu mangrupa hasil tés maca artikel siswa di unggal tindakan pikeun mikanyaho hasil panalungtikan anu geus dilakukeun; nganalisis hasil obsérvasi aktivitas guru jeung siswa ku cara ngitung unggal préséntase tiap katégori dina unggal tindakan nu dilakukeun ku panalungtik jeung ngitung préséntase ti obsérver; nganalisis hasil catetan lapangan salaku hasil réaksi; ngalakukeun analisis kualitatif sarta nyindekeun hasil panalungtikan.

### 3.3 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun méthode Penelitian Tindakan Kelas (PTK). Penelitian Tindakan Kelas (PTK), nya éta hiji panalungtikan tindakan nu dilaksanakeun kalawan miboga tujuan ngaropéa mutu atawa kualitas praktik pangajaran di kelas (Suhardjono dina Arikunto, 2009:58).

Sacara étimologis PTK asalna tina kecap *penelitian*, *tindakan*, jeung *kelas*. Penelitian dihartikan salaku hiji prosés ngungkulan pasualan nu dilakukeun sacara sistematis, émpiris, jeung kakontrol. Tindakan dihartikeun salaku hiji perlakuan anu dilakukeun ku panalungtik nya éta guru ka muridna nu tujuanna diarahkeun pikeun ngabebener kinerja anu dilakukeun ku guru dumasar kahayang pikeun ngahontal hasil diajar anu maksimal. Sedengkeun, kelas dihartikeun salaku tempat lumangsungna kagiatan pangajaran anu henteu di-*setting* heula pikeun kapentingan panalungtikan husus, tapi lumangsung ngaguluyur saluyu jeung kaayaan pangajaran saperti biasa (Sanjaya, 2009:26 dina Nugraha, 2011:37).

Jadi, dumasar pamadegan di luhur bisa dicindekkeun yén nu dimaksud PTK téh bisa dihartikeun salaku prosés pikeun ngungkulan pasualan di jero kelas ngaliwatan cara nu sistematis (ngararancang, ngalaksanakeun jeung

Nessy Anugrawati, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE


PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

ngaréfléksikeun tindakan) kalawan tujuan pikeun ngoméan atawa ngaronjatkeun kualitas prosés pangajaran di kelasna ngaliwatan hiji tindakan nu tangtu dina sababaraha siklus dina situasi nyata sarta nganalisis unggal pangaruh tina éta perlakuan. Alasan panalungtik ngagunakeun ieu PTK, nya éta pikeun ngungkulan pasualan anu keur dirandapan ku guru di kelas XII-IPS MA Yasyfiy Bandung taun ajaran 2012-2013 dina pangajaran maca artikel. Ieu hal téh saluyu jeung salasahiji tujuan PTK nya éta pikeun ngaronjatkeun kualitas prosés jeung hasil diajar (Sanjaya, 2009:33) dina Nugraha (2011:37).

Ari desain PTK nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyoko kana pamadegan Arikunto (2009:16). Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan saperti gambar ieu di handap.



**Gambar 3.2**  
**Métode Panalungtikan Tindakan**

Ieu siklus téh dimimitian ku nyusun rarancang tindakan (*planning*), tuluy kana pelaksanaan tindakan (*acting*), pengamatan (*observing*), jeung réfléksi (*reflecting*). Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan ngawengku lima tahap kagiatan.

### **Tahap 1: Nyusun Rarancang Tindakan (*Planning*)**

Tahap nyusun rarancang tindakan mangrupa tahap panalungtik ngabéjér-béaskeun ngeunaan naon, ku naon, iraha, di mana, ku saha, jeung kumaha tindakan éta dilakukeun. Panalungtik nangtukeun titik atawa fokus kajadian pikeun ditalungtik sacara husus. Satuluyna nyieun instrumén ngumpulkeun data panalungtikan pikeun mantuan panalungtik ngarékam fakta nu kajadian salila tindakan lumangsung.

### **Tahap 2: Pelaksanaan Tindakan (*Acting*)**

Tahap kadua nya éta tahap pelaksanaan anu mangrupa implementasi KTRT dina pangajaran maca artikel nu geus dirarancang. Dina ieu tahap guru kudu bisa nyaluyukeun tindakan jeung naon waé anu geus dirumuskeun sarta ditangtukeun dina rarancang.

### **Tahap 3: Pengamatan (*Observing*)**

Tahap katilu nya éta kagiatan pengamatan anu dilakukeun ku panitén (observer) pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan prosés pangajaran anu dilakukeun ku guru (panalungtik) saluyu jeung tindakan anu geus disusun. Paniténan kudu nyoko kana instrumén nu geus dijieun sarta dirumuskeun. Aspék nu ditalungtik dina ieu pengamatan nya éta: (a) prosés tindakanana; (b) pangaruh tindakan (boh nu dihaja boh nu teu dihaja); (c) kaayaan jeung kendala tindakan; (d) kumaha kaayaan jeung kendala, ngahambat atawa ngamudahkeun tindakan nu dirarancang jeung pangaruhna; jeung (e) pasualan lain nu bakal timbul salila kagiatan PTK lumangsung.

Dina tahap ieu téh panalungtik dibantuan ku obsérver pikeun ngumpulkeun data tina kagiatan panalungtikan anu dilaksanakeun. Ieu hal dilakukeun pikeun ngarékam prosés tindakan anu dilakukeun, maluruh pangaruh tindakan (boh nu dihaja boh nu teu dihaja), kaayaan jeung kendala tindakan, kaayaan jeung kendala téh naha akibatna ngahambat atawa ngamudahkeun tindakan nu dirarancang jeung

Nessy Anugrawati, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

pengaruhna, sarta pasualan séjén anu bakal timbul salila kagiatan panalungtikan lumangsung.

Dina ieu tahap obsérver ogé niténan sacara langsung situasi kelas saperti halna interaksi jeung aktivitas siswa di kelas salila prosés diajar lumangsung, interaksi jeung aktivitas guru salila prosés diajar lumangsung, atawa hal-hal lain anu mungkin bakal kajadian salila prosés diajar lumangsung. Ku kituna, salila kagiatan niténan ieu kaayaan, obsérver kudu ngeusian intrumén anu geus disusun, diantaranya ngeusian lambaran obsérvasi guru, lambaran obsérvasi siswa, jeung lambaran catatan lapangan.

#### **Tahap 4: Réfléksi (*Reflecting*)**

Tahap ka opat nya éta kagiatan pikeun ngébréhkeun deui naon-naon nu geus dilakukeun. Istilah réfléksi asal kecapna tina basa Inggris nya éta *reflection*, anu diterjemahkeun kana basa Indonesia '*pemantulan*'. Kagiatan réfléksi dilakukeun sanggeus réngsé ngalaksanakeun tindakan.

Kagiatan réfléksi panalungtikan dilaksanakeun di ahir lawungan salila kagiatan siklus lumangsung. Ieu tahap téh mangrupa tahap *perenungan* tina hasil paniténan atawa obsérvasi anu geus dilaksanakeun di kelas, boh tina hasil obsérvasi guru, obsérvasi siswa, boh catetan lapangan. Ngaliwatan kagiatan réfléksi, tina hasil obsérvasi tinangtu bakal kapanggih naon baé kahengkéran jeung bangbaluh dina panalungtikan. Ku sabab, tujuan tina réfléksi nya éta pikeun ngabebeulah sarta ngoméan tindakan nu dilaksanakeun. Saperti halna, saumpama dina siklus I hasil maca artikel masih aya siswa anu can tuntas, dilakukeun réfléksi pikeun maluruh hal nu nyababkeun teu tuntasna éta. Saperti halna tina hasil réfléksi kapaluruh yén guru kurang ngarahkeun siswa, dina siklus II hasil réfléksi éta dilarapkeun dina prosés pangajaran, nepi ka dina ahirna sakabéh siswa bisa tuntas dina kagiatan pangajaran.

Opat tahap anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan téh kabéhanana mangrupa unsur-unsur pikeun ngawangun hiji siklus, nya éta hiji putaran kagiatan sacara ngaruntuy nu balik deui kana léngkah mimiti. Ku kituna, hiji siklus téh

**Nessy Anugrawati, 2013**

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

ngawéngku tahap nyusun rarancang, pelaksanaan, pengamatan, observasi jeung réfléksi.

### 3.4 Wangenan Operasional

Sababaraha istilah anu kudu dijelaskeun deui dina ieu panalungtikan, nya éta: modél KTRT jeung maca artikel. Pikeun leuwih jelasna istilah-istilah éta dijelaskeun dihandap ieu.

- 1) Modél Kooperatif Tipe *Round Table* (KTRT) dina ieu panalungtikan mangrupa modél pangajaran anu meredih siswa kelas XII-IPS MA Yasyfiy Bandung taun ajaran 2012-2013 sangkan gawé babarengan, silih béjaan pamanggih tur sawanganna séwang-séwangan. Ayana hiji kontribusi dina hiji riungan nu ngabuleud nalika diajar-ngajar (*keliling kelompok*).
- 2) Kaparigelan maca artikel dina ieu panalungtikan mangrupa kaparigelan basa anu dicangking ku siswa kelas XII-IPS MA Yasyfiy Bandung taun ajaran 2012-2013 dina maca hiji karangan faktual nu aya dina majalah atawa surat kabar nu ngabahas hiji hal nu aktual ngagunakeun basa nu merenah jeung énténg pikeun dibaca.

Jadi, nu dimaksud modél pangajaran kooperatif tipe *round table* pikeun ngaonjatkeun kaparigelan maca artikel dina ieu panalungtikan nya éta modél pangajaran kelompok dina hiji riungan buleud anu digunakeun pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa kelas XII-IPS MA Yasyfiy Bandung taun ajaran 2012-2013 dina maca pamahaman artikel.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta: (1) lambaran tés; (2) lambaran obsérvasi; jeung (3) catetan lapangan.

#### 3.5.1 Lambaran Tés

Lambaran tés anu diujikeun dina ieu panalungtikan mangrupa soal-soal anu aya patalina jeung pamahaman siswa kana eusi artikel. Lambaran tés dieusian ku

Nessy Anugrawati, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

siswa nalika ngalaksanakeun uji pamahaman pangajaran maca artikel. Tés pamahaman bacaan ngawengku wacana artikel jeung soal uraian nu jumlahna 10 soal. Ieu pertanyaan-pertanyaan téh mangrupa fakta-fakta nu spésifik, ide poko, sabab-akibat, kosakata, jeung tata kalimah. Pertanyaan-pertanyaan dina instrumén TPB ieu panalungtikan nyoko kana tingkat heséna Kognitif (K). Pertanyaan-pertanyaan dina ieu instrumén, ngawengku aspék: ingetan (K1), tarjamahan (K2), intérpretasi (K3), aplikasi (K4), jeung analisis (K5). Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap dituliskeun kisi-kisi tés uraian kana eusi bacaan artikel.

**Tabel 3.1**  
**Kisi-Kisi Tes Pemahaman Bacaan**

| No.                | Jenjang Kesulitan Kognitif | Indikator Soal  | Nomer Soal | Skor Soal | Jumlah Skor Soal |
|--------------------|----------------------------|---|------------|-----------|------------------|
| 1.                 | Ingetan (K1)               | Siswa bisa nétélakeun fakta-fakta nu nyampak dina artikel nu dibacana kalawan spésifik.     | 2, 5, & 7  | 10        | 30               |
| 2.                 | Tarjamahan (K2)            | Siswa bisa maham kandaga kecap atawa tata kalimah nu nyampak dina artikel nu dibacana.      | 1, 6       | 10        | 20               |
| 3.                 | Intérpretasi (K3)          | Siswa bisa nafsirkeun ide poko nu nyampak dina artikel nu dibacana.                         | 9          | 10        | 10               |
| 4.                 | Aplikasi (K4)              | Siswa bisa ngoméntaran eusi artikel nu dibacana di saluyukeun dumasar pangalamanana.        | 8 & 10     | 10        | 20               |
| 5.                 | Analisis (K5)              | Siswa bisa maluruh eusi carita nu aya patalina jeung sabab-akibat tina artikel nu dibacana. | 6 jeung 8  | 10        | 20               |
| <b>Jumlah Soal</b> |                            |   |            |           | <b>100</b>       |

Sakumaha nu katitén dina tabél di luhur, jumlah soal nu diujikeun téh aya 10 soal. Nangtukeun jumlah instrumén ieu dumasar kana kabutuhan pikeun leuwih méré kasempetan ka siswa ningkatkeun kamampuh kognisina.

### 3.5.2 Lambaran Obsérvasi

Nessy Anugrawati, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

Lambaran obsérvasi téh mangrupa salasihiji intrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Dina ieu obsérvasi aya dua hal anu ditalungtik, nya éta lambaran obsérvasi aktivitas guru jeung lambaran obsérvasi aktivitas siswa.

### 3.5.2.1 Lambaran Obsérvasi Aktivitas Guru

Obsérver niténan kalayan gemet dina ngaévaluasi panalungtik (guru) salila kagiatan KBM lumangsung.

**Tabél 3.2**  
**Lambaran Obsérvasi Guru**

|                           |   |  |
|---------------------------|---|--|
| <b>Wasta Obsérver</b>     | : | .....  |
| <b>Poé, Ping</b>          | : | .....  |
| <b>Jam</b>                | : | .....  |
| <b>Standar Kompetensi</b> | : | 12.3 Mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa artikel, carita buhun, dan bahasan |
| <b>Kompeténsi Dasar</b>   | : | 12.3.1 Membaca artikel tentang budaya  |

**Pituduh:**

Béré tanda *check list* (✓) dina kolom **aya** lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom **teu aya** lamun teu katitén dilaksanakeun!

| No. | Aktivitas  | Aya | Teu aya | Koméntar |
|-----|--|-----|---------|----------|
| 1   | <p><b>Kegiatan awal</b></p> <p>a) Guru ngondisikeun siswa sangkan suasana diajar genah jeung tumaninah.</p> <p>b) Guru ngadata <i>kehadiran</i> siswa.</p> <p>c) Guru ngamotivasi siswa sangkan daria diajar.</p> <p>d) Guru nepikeun tujuan pangajaran.</p>   |     |         |          |
| 2   | <p><b>Kegiatan Inti</b></p> <p><b>Eksplorasi</b></p> <p>a) Guru ngayakeun apersepsi kana materi maca artikel.</p> <p>b) Guru ngabagi kelompok siswa sacara heterogen.</p> <p>c) Guru nginstruksikan siswa sangkan nyieun buleudan (<i>round</i>) dina hiji meja.</p> <p>d) Guru ngabagikeun téks artikel nu sarua ka kabéh siswa di unggal kelompok.</p> <p><b>Elaborasi</b></p> <p>a) Guru nginstruksikeun siswa sangkan maca artikel kalayan bener.</p> <p>b) Guru ngabagikeun soal ka unggal kelompok (dina unggal kelompok soal nu dipigawé ku unggal siswa béda-béda).</p> <p>c) Guru ngintruksikan siswa pikeun ngajawab</p> |     |         |          |

Nessy Anugrawati, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu



| No.               | Aktivitas  | Aya | Teu aya | Koméntar |
|-------------------|--|-----|---------|----------|
|                   | <p>masing-masing pertanyaan ngeunaan pemahaman eusi artikel saluyu jeung waktu nu geus ditangtukeun (5 menit).</p> <p>d) Guru ngondisikeun siswa pikeun nukeurkeun jawabanna jeung babaturan masing-masing kelompokna dina hiji buleudan (saarah jarum jam).</p> <p>e) Guru ngayakeun diskusi ngeunaan hasil jawaban ahir masing-masing kelompok.</p> <p><b>Konfirmasi</b><br/>Guru ngondisikeun siswa sangkan aktif nanya ngeunaan matéri nu can dipikahartina.</p> |     |         |          |
| 3                 | <p><b>Kegiatan ahir</b></p> <p>a) Guru ngondisikeun siswa sangkan balik deui ka tempat diukna séwang-séwangan.</p> <p>b) Guru negeskeun deui matéri pangajaran nu geus ditepikeun.</p> <p>c) Guru ngaping siswa pikeun nyieun catetan ngeunaan hasil pangajaran anu geus dilaksanakeun.</p> <p>d) Guru nepikeun pangajaran saterusna jeung méré.</p> <p>e) Guru nutup kegiatan pangajaran.</p>   |     |         |          |
| <b>Jumlah</b>     |  |     |         |          |
| <b>Perséntase</b> |  |     |         |          |

Observer,

Bandung, ... Januari 2013  
Panalungtik,\_\_\_\_\_  
NIP/NIM.Nessy Anugrawati  
NIM. 0906520

### 3.5.2.2 Lambaran Obsérvasi Aktivitas Siswa

Observer niténan aktivitas siswa salila pangajaran lumangsung nu aya patalina jeung motivasi nu tumuwuh salila prosés pangajaran.

**Tabél 3.3**  
**Lambaran Obsérvasi Siswa**

**Wasta Observer** : .....

**Poé, Ping** : .....

**Jam** : .....

**Standar Kompetensi** : *12.3 Mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa artikel, carita buhun, dan bahasan*

**Kompeténsi Dasar** : *12.3.1 Membaca artikel tentang budaya*

Nessy Anugrawati, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

**Pituduh:**

Béré tanda *check list* (✓) dina kolom **aya** lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom **teu aya** lamun teu katitén dilaksanakeun!

| No. | Aktivitas  | Aya | Teu aya | Koméntar |
|-----|--|-----|---------|----------|
| 1   | <p><b>Kegiatan awal</b></p> <p>a) Siswa nurut nalika dikondisikeun sangkan suasana diajar genah jeung tumaninah.</p> <p>b) Siswa ngajawab nalika didata ngeunaan kehadiranana.</p> <p>c) Siswa kamotivasion pikeun diajar kalawan daria.</p> <p>d) Siswa maham ngeunaan tujuan pangajaran.</p>   |     |         |          |
| 2   | <p><b>Kegiatan Inti</b></p> <p><b>Eksplorasi</b></p> <p>a) Siswa maham apersepsi materi maca artikel.</p> <p>b) Siswa dibagi kelompok sacara heterogen.</p> <p>c) Siswa nyieun buleudan (<i>round</i>) dina hiji meja.</p> <p>d) Siswa di unggal kelompok dibagi téks artikel nu sarua.</p> <p><b>Elaborasi</b></p> <p>f) Siswa maca artikel kalayan bener.</p> <p>g) Siswa meunang soal anu kudu dipigawéna (dina unggal kelompok soal nu dipigawé ku unggal siswa béda-béda).</p> <p>h) Siswa ngajawab masing-masing pertanyaan ngeunaan pemahaman eusi artikel saluyu jeung waktu nu geus ditangtukeun (5 menit).</p> <p>i) Siswa nukeurkeun jawabanna jeung babaturan masing-masing kelompokna dina hiji buleudan (saarah jarum jam).</p> <p>j) Siswa ngalaksanakeun diskusi ngeunaan hasil jawaban ahir masing-masing kelompok.</p> <p><b>Konfirmasi</b></p> <p>Siswa aktif nanya ngeunaan matéri nu can dipikahartina.</p> |     |         |          |
| 3   | <p><b>Kegiatan ahir</b></p> <p>a) Siswa balik deui ka tempat diukna séwang-séwangan.</p> <p>b) Siswa ngabandungan penegasan matéri pangajaran nu geus ditepikeun ku guru.</p> <p>c) Siswa nyieun catetan ngeunaan hasil pangajaran anu geus dilaksanakeun.</p> <p>d) Siswa ngaregekeun pancén pangajaran satuluyana.</p>   |     |         |          |

Nessy Anugrawati, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

| No. | Aktivitas                           | Aya | Teu aya | Koméntar |
|-----|-------------------------------------|-----|---------|----------|
|     | e) Siswa nutup kagiatan pangajaran. |     |         |          |
|     | Jumlah                              |     |         |          |
|     | Perséntase                          |     |         |          |

Observer,

Bandung, ... Januari 2013  
Panalungtik,\_\_\_\_\_  
NIP/NIM.**Nessy Anugrawati**  
NIM. 0906520

### 3.5.3 Catetan Lapangan

Ieu catetan lapangan téh dieusian ku obsérver minangka catetan salila pangajaran lumangsung, nya éta catetan ngeunaan kajadian dina pangajaran anu teu nyampak dina lambaran obsérvasi.

**Tabél 3.4**  
**Lambaran Catetan Lapangan (*Field Notes*)**

Wasta Observer : .....  
Poé, Ping : .....  
Jam : .....

|                  |                         |
|------------------|-------------------------|
| Catetan lapangan | Refléksi jeung Analisis |
|------------------|-------------------------|



(Wiriaatmadja, 2009:129)

Bandung, .... Januari 2013  
Observer,

\_\_\_\_\_  
NIP/NIM:.....

### 3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh ngawengku tés kamampuh siswa, obsérvasi jeung catetan lapangan.

#### 3.6.1 Tés Kamampuh Siswa

Arikunto (2009:150) ngébréhkeun yén tés mangrupa runtuyan pertanyaan atawa latihan sarta alat séjén nu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, kamampuh atawa bakat nu dipiboga ku individu atawa kelompok. Tés dilaksanakeun pikeun ngukur hasil diajar siswa tina matéri nu geus ditepikeun salila kagiatan pangajaran ngagunakeun modél KTRT. Tés dilaksanakeun ngaliwatan tés tulis di unggal tahap pangajaran pikeun ngukur ngaronjatna kamampuh maca artikel siswa ngagunakeun format peunteun anu geus ditetepkeun.

Nessy Anugrawati, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

Saluyu jeung tujuan panalungtikan, pikeun mikanyaho hasil ngaronjatna diajar maca pamahaman siswa, tés anu digunakeun dina panalungtikan nya éta Tés Pamahaman Bacaan (TPB). TPB nu dilakukeun téh pikeun ngukur kamampuh kognisi siswa. Ieu hal saluyu jeung téori Bloom dina Lestari, (2011:48) yén kamampuh maca mangrupa kamampuh kognisi. Hasil ieu tés téh digunakeun pikeun bahan analisis kamampuh siswa salila kagiatan panalungtikan lumangsung, boh siklus I boh siklus II. Wangun nu dilaksanakeun nya éta wangun tés tulis (ngeusian pertanyaan nu patali jeung artikel nu geus dibaca).

Riggs jeung Lay dina Damaianti (2001:76) ngagolongkeun sababaraha pertanyaan dina tingkat *keterpahaman*, tingkat *keterpercayaan*, wangun, jeung pituduh. Husus pikeun nangtukeun tingkat pamahaman bacaan aya sababaraha kriteria nu bisa dipaké salaku acuan dina nyieun pertanyaan nu nyoko kana tingkat heséna kognitif. Ranah kognisi dina Taksonomi Bloom nu dimekarkeun deui ku Harjasujana jeung Mulyati (Lestari, 2011:48) mangrupa alternatif nu hadé pikeun jadi dadasar nyieun tés pamahaman bacaan dina ieu panalungtikan. Pertanyaan dina instrumén ieu mangrupa pertanyaan ingetan (K1), terjemaahan (K2), intérpretasi (K3), aplikasi (K4), analisis (K5), sintésis (K6) jeung évaluatif (K7). *Sintesis* (K6) jeung *evaluatif* (K7) henteu digunakeun dina TPB dina ieu panalungtikan.

Salian ti ngabogaan tingkat pamahaman nu luhur teuing jeung hesé pikeun subjék panalungtikan nu masih kelas XII-IPS SMA/ MA, teu bisa digunakeunana kadua jenjang éta ngabogaan alesan séjén. Patalékan nu sipatna sintesis méré kasempetan ka nu maca sangkan mikir sacara bebas *terkontrol* jeung ngamungkinkeun unggal jalma méré jawaban nu teu sarua saluyu jeung kognitif tingkat sintésis séwang-séwangan. Salian ti éta, sintésis meredih siswa sangkan ngahijikeun sababaraha tiori jadi hiji tiori nu anyar.

Kitu ogé jenjang évaluatif (K7) henteu digunakeun dina instrumén panalungtikan ieu sabab pikeun ngajawab patalékan évaluatif, salian ti ngabutuhkeun pangaweruh jeung wawasan séjén nu leuwih lega. Ieu hal, dirasa kurang saluyu pikeun kls XII.

**Nessy Anugrawati, 2013**

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

### 3.6.2 Obsérvasi

Popper (dina Hopkins, (1993) dina Wiriaatmadja, 2008:104), ngébréhkeun yén observasi nya éta tindakan nu mangrupa tafsiran tina téori. Najan kitu, dina ieu panalungtikan mah boh panalungtik boh saha waé dina waktu asup ka hiji rohangan kelas anu tujuanana observasi, leuwih hadé ninggalkeun téori-téorina di luar kelas, jeung mimiti nalungtik tanpa aya justifikasi hiji téori (Wiriaatmadja, 2007:104).

Kegiatan observasi nu dilakukeun dina ieu panalungtikan nya éta pikeun niténan aktivitas guru jeung aktivitas siswa dina kagiatan kelompok atawa individu salila prosés diajar-ngajar lumangsung. Éta format obsérvasi téh dieusian ku obsérver anu dilakukeun babarengan nalika pelaksanaan tindakan di unggal siklus pikeun nempo aktivitas guru jeung aktivitas siswa salila pangajaran lumangsung.

### 3.6.3 Catetan Lapangan

Catetan lapangan nya éta instumén pikeun nyatet sagala peristiwa anu kajadian dumasar kana tindakan anu dilakukeun ku guru. Ieu catetan lapangan téh fungsina pikeun nempo perkembangan tindakan jeung perkembangan siswa dina ngalakukeun prosés pangajaran (Sanjaya, 2009:98) dina Nugraha (2011:45). Ieu catetan lapangan téh, dieusian ku hasil obsérvasi, réaksi, jeung réfléksi panalungtik kana prosés pangajaran.

### 3.7 Analisis Data

Dina ieu panalungtikan, analisis data dilakukeun di unggal siklus, minangka bahan réfléksi pikeun pelaksanaan siklus satuluyna. Aya sababaraha tahapan dina analisis data, di antarana:

- 1) Ngalakukeun klasifikasi data atawa ngawilah-wilah data saluyu jeung fokus masalah. Dina ieu hal, panalungtik ngumpulkeun sakabéh alat ngumpulkeun data panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, satuluyna dikumpulkeun dumasar fokus masalahna.

Nessy Anugrawati, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

- 2) Nafsirkeun data anu geus diwilah-wilah dina wangun pernyataan.
- 3) Nganalisis data nu mangrupa hasil tés maca artikel siswa di unggal tindakan pikeun mikanyaho hasil panalungtikan anu geus dilakukeun. Kriteria ketuntasan minimal (KKM) pelajaran basa Sunda di MA Yasyfiy nya éta 75. Sangkan leuwih jéntré bisa ditingali dina tabél ieu di handap.

**Tabél 3.5**  
**Katégori Peunteun**

| Peunteun  | Keterangan |
|-----------|------------|
| $\geq 75$ | Tuntas     |
| $< 75$    | Can Tuntas |

- 4) Nganalisis hasil obsérvasi aktivitas guru jeung siswa ku cara ngitung unggal préséntase tiap katégori dina unggal tindakan anu dilakukeun ku panalungtik jeung ngitung préséntase ti obsérver.
- 5) Nganalisis hasil catetan lapangan salaku hasil réaksi, jeung réfléksi panalungtik kana prosés pangajaran anu teu dijelaskeun dina lambaran obsérvasi ku sabab muncul kalawan teu direncanakeun atawa kagambar saméméhna salaku bahan tinimbangan pikeun ngalakukeun réfléksi anu rék dilarapkeun dina kagiatan pangajaran.
- 6) Ngalakukeun analisis kualitatif, nya éta nyindekkeun ngaronjat-henteuna hasil pangajaran anu geus dilaksanakeun dumasar tina hasil obsérvasi kalawan babarengan jeung obsérver.
- 7) Nyindekkeun hasil panalungtikan, dumasar kana analisis hasil obsérvasi anu disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan anu diinterpretasikeun dina kalimah pernyataan.

### 3.9 Prosedur Panalungtikan

Prosedur dina ieu panalungtikan ngawengku 2 siklus, dina unggal siklus ngawengku tahap: ngararancang, prak-prakan, obsérvasi, jeung réfléksi.

#### 3.9.1 Tahap Ngararancang

Tina hasil pra-panalungtikan, kapanggih pasualan-pasualan nu dialaman ku siswa dina maca pamahaman artikel nya éta hesé nyangkem eusi bacaan jeung

Nessy Anugrawati, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

manggihan ide poko dina téks artikel. Dumasar kana hal éta, panalungtik ngalakukeun tahap rancang panalungtikan. Dina tahap ieu, panalungtik netepkeun jeung nyusun rancangan program tindakan pikeun menerkeun pangajaran maca pamahaman artikel ku modél KTRT. Hal ieu difokuskeun kana pasualan pangajaran pikeun ningkatkeun kamampuh maca pamahaman artikel.

Tahap ngararancang ieu ngawengku:

- 1) Netepkeun jumlah siklus, nya éta dua siklus.
- 2) Netepkeun sumber data panalungtikan nu rék digunakeun salaku kelas panalungtikan, nya éta kelas XII-IPS MA Yasyfiy Bandung.
- 3) Netepkeun métode nu baris digunakeun dina pangajaran maca artikel.
- 4) Panalungtik nganalisis Standar Kompetensi (SK), jeung Kompetensi Dasar (KD).
- 5) Nyusun RPP, ngawengku: Standar Kompetensi (SK), Kompetensi Dasar (KD), indikator, tujuan pangajaran, materi pangajaran, modél pangajaran, métode jeung téhnik pangajaran, alat jeung bahan pangajaran, kagiatan pangajaran, sumber pangajaran, évaluasi.
- 6) Nyusun lambaran obsérvasi pikeun masing-masing siklus, nu ngawengku: lambaran aktivitas guru, lambaran aktivitas siswa, jeung catatan lapangan.
- 7) Nyiapkeun bahan ajar atawa matéri pangajaran jeung lambaran kerja siswa (nyieun soal), pikeun masing-masing siklus. Siklus ka-1 jeung siklus ka-2 dina pangajaran maca artikel ngagunakeun wacana artikel anu judulna “Seni Karinding Ulah Kingkin”.
- 8) Nyiapkeun média pangajaran.

### 3.9.2 Tahap Pelaksanaan

Dina ieu tahap ngawengku opat léngkah pangajaran nya éta: 1) kagiatan bubuka, 2) kagiatan inti, 3) tahap nguji hasil, 4) kagiatan panutup.

#### 1) Kagiatan Bubuka

Saméméh kagiatan pangajaran dimimitian, siswa ngucapkeun salam, tuluy ngadata *kehadiran* siswa, ngondisikeun kelas jeung ngayakeun apersépsi.

Nessy Anugrawati, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE ROUND TABLE

PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA ARTIKEL : Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS

MA Yasyfiy Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu



Sanggeus kitu, guru méré motivasi sangkan siswa sumanget jeung daria dina prosés diajar-ngajar. Guru ngajelaskeun indikator hasil diajar anu kudu dihontal ku siswa. Nu pamungkas guru nepikeun KKM anu kudu dihontal ku siswa tina kompetensi dasar maca artikel.

## 2) Kegiatan Inti

Dina ieu kagiatan, guru mgamimitian ku méré matéri ngeunaan pangajaran maca artikel, tuluy guru ngabagi kelompok siswa sacara hétérogén, jeung méré téks artikel nu sarua ka unggal kelompok. Ngintruksikeun siswa sangkan maca téks artikel jeung méré pertanyaan nu aya patalina jeung eusi artikel (pamahaman). Sanggeus kitu, guru ngondisikeun siswa sangkan ngajawab pertanyaan, muterkeun jawabanna ka babaturan sakelompokna dina hiji buleudan, tuluy ngondisikeun ogé siswa lain nu mariksa jeung ngalengkepan jawaban babaturanna saupama jawaban kurang merenah. Dina ieu kagiatan ogé guru niténan kelompok dina buleudan (*round*) nu lain, tuluy ngayakeun sawala kelas, sarta nu pamungkas méré kasempetan ka siswa pikeun nanya.

## 3) Tahap Nguji Hasil

Sabada kagiatan réngsé diayakeun tés ahir tina unggal kelompok. Tés ahir tina unggal kelompok ieu dilakukeun pikeun ningali kamampuh siswa dina maca pamahaman artikel. Tiap kelompok kudu ngébréhkeun kacindekanna ngeunaan eusi artikel, éta kacindekan téh ulah méngpar tina pertanyaan-pertanyaan nu kungsi dijawab ku kelompok dina nyangkem eusi bacaan artikel.

## 4) Kegiatan Panutup

Sabada tés réngsé, guru nyindekkeun matéri pangajaran anu tos dipedar tuluy méré informasi ngeunaan matéri nu rék dipedar dina pertemuan salajengna.

### 3.9.3 Tahap Obsérvasi (*Pengamatan*)

Dina tahap ieu, *pengamat* (obsérver) ngaobsérvasi aktivitas siswa jeung guru ku téhnik obsérvasi lapangan. Panalungtik niténan langsung situasi kelas saperti interaksi jeung aktivitas siswa di kelas salila prosés diajar lumangsung.

#### **3.9.4 Tahap Réfléksi**

Tahap réfléksi mangrupa tahap pamungkas tina hiji siklus penelitian tindakan kelas (PTK). Dina ieu tahap, panalungtik atawa obsérver ngadiskusikeun hasil tindakan jeung sababaraha pasualan-pasualan nu aya di kelas. Di dieu bakal kapanggih naon waé kahéngkérannu jeung bangbaluh dina panalungtikan. Tujuan dina réfléksi nya éta pikeun ngabebenah tindakan nu dilaksanakeun. Upama dina siklus ka-1 hasil diajar maca artikel masih aya nu can tuntas, dilaksanakeun *perbaikan* pangajaran dina siklus ka-2.